

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Cianjur mangrupa puseur dayeuh munggaran nu katelah kota santri sabab diwangun ku para budayawan jeung para ulama. Hal ieu bisa dibuktikeun ku tradisi nu aya di Cianjur nya éta ngaos, mamaos, jeung maénpo. Ngaos, mamaos, tur maénpo kiwari jadi filosofi Cianjur.

Ti antara tilu tradisi di luhur, anu kawilang hésé sumebar di masarakat nya éta seni Mamaos. Sabab seni mamaos (Cianjuran) mangrupa seni anu ngutamakeun kamampuh sora tur kaparigelan dina metik kacapi jeung kawengku ku ugeran anu geus tangtu.

Budaya mangrupa dasar tina kahirupan manusa. Hal ieu bisa ditingali tina tujuh unsur kabudayaan nu boga sipat universal, nya éta 1) sistem religi, 2) sistem organisasi kamasarakatan, 3) sistem élmu pangaweruh, 4) basa lisan jeung tinulis, 5) kasenian, 6) sistem pakasaban, jeung 7) sistem teknologi jeung pakakas numutkeun Koentjaraningrat (1974:12). Salila ieu dina kahirupan masarakat atra pisan ayana pamisah antara budaya jeung agama. Sok sanajan teks seni mamaos ngandung ajén atikan, tapi jaman kiwari geus teu dipiharti ku masarakat, komo ngalarapkeunana mah. Salian ti kurangna kahayang pikeun diajar mamaos, kiwari masarakat ogé loba nu teu wanoh kana seni mamaos. Apal ngaranna wungkul tapi wandana mah langka nu apal.

Hal ieu nyababkeun kaprihatinan para tokoh mamaos pikeun ngaréngsékeunana, alensanana bisi ngarumpak kana ugeran anu geus aya. Sapanjang sajarah kamekaran seni mamaos can aya saurang ogé anu bisa nyieun karya anyar anu leupas tina ugeran anu geus tangtu, hususna di wewengkon Cianjur.

Dina taun 2003 bapa Tatang Setiadi nyieun hiji karya anu ngadumadiskeun sacara gembleng antara unsur budaya nya éta unsur seni jeung unsur agama nu geus leket pisan jeung masarakat Cianjur. Ieu karyana dibéré ngaran kacapi solawat, mangrupa kasenian anu diwengku ku waditra kacapi, suling, kulantér, kentrung, ketrok, jeung waditra lianna. Waditra-waditra nu aya dina kacapi solawat teh ngagunakeun bahan ti alam, umumna tina bahan kai jeung awi. Dina prak-prakanana, kasenian ieu téh ngandung filosofi berjamaah. Berjamaah dina kacapi solawat hartina sakabéh nayaga milu ngahaleuangkeun solawat, tapi dina salah sahiji waktu aya nu salaku imam dina ngahaleuangkeun solawat. Filosofi lianna nya éta ngadumaniskeun dua unsur nu boga sipat iklas, nya éta agama jeung kasenian. Kasenian teh mangrupa unsur budaya nu bisa asup kana sagala unsur. Ari agama mangrupa unsur budaya nu aya dina pamikiran atawa pamadegan unggal jalma.

Dina prak-prakan kacapi solawat, kacapi nu biasa dipaké ku kasenian mamaos dimodifikasi sangkan bisa mirig solawatan nu geus dipikawanoh ku masarakat. Tujuanana pikeun méré atikan agama jeung ngawanohkeun banda budaya nu méh kapopohokeun. Ieu tarékah téh bisa ditarima ku masarakat kiwari nu geus teu harti kana silib siloka nu aya dina rumpaka mamaos (Cianjuran).

Pikeun ngahontal tujuan tina kasenian kacapi solawat nya éta ngawanohkeun banda budaya Sunda, tangtu sasaran anu merenah nya éta ka para siswa. Ku kituna, ieu panalungtikan boga udagan pikeun nyadiakeun bahan pangajaran basa Sunda. Bentuk pangajaranana nya éta; apresiasi kana kasenian kacapi solawat.

Salila ieu panalungtikan ngeunaan kacapi solawat can pernah dilaksanakeun, tapi aya sawatara panalungtikan nu pakait jeung hal éta, nya éta ngeunaan mamaos jeung pupujian diantaranya: *Eksotika Nilai-Nilai Moral dalam Seni Mamaos Tembang Sunda Cianjuran* (Studi Etnografi di Bale Seni, Dewan Kesenian Cianjur) ku Tini Rustina, *Analisis Puisi Pupujian di Kampung Ciodéng Desa Andir Kacamatan Balééndah Kabupatén Bandung* ku M.M. Sirojul Munir (2008), jeung *Analisis Struktur jeung Ajén Budaya Puisi Pupujian Hatam Qur'an Pangantén* ku Ira Siti Faridah (2004). Pikeun ngabuktikeun yén kacapi solawat mangrupa hiji wanda seni budaya nu teu leupas tina agama nu aya di Cianjur tur bisa disusun pikeun bahan pangajaran basa Sunda. Ku kituna panalungtikan skripsi ngeunaan *Ajén Budaya Sunda dina Kacapi Solawat pikeun Pangajaran Basa Sunda di SMP Kelas VII* penting pikeun dilaksanakeun.

1.2 Watesan Masalah

Pikeun ngadéskripsikeun ajén budaya Sunda nu aya dina kasenian kacapi solawat pikeun pangajaran basa Sunda ieu panalungtikan baris diwatesanan ku nganalisis adumanisna ajén budaya jeung agama anu nyangkaruk dina kacapi solawat, hasil analisis disusun pikeun bahan pangajaran.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Ajén budaya naon nu aya dina kasenian kacapi solawat?
- 2) Kumaha bahan pangajaran nu bisa disusun tina materi kacapi solawat?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana masalah anu geus dirumuskeun di luhur, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun:

- 1) Maluruh ajén budaya nu aya dina kacapi solawat;sarta
- 2) nyusun bahan pangajaran tina meteri kacapi solawat.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun panalungtik, nambahan pangweruh ngeunaan ngalarapkeun ajaran agama ku widang kasenian,
- 2) pikeun nu maca, nambahan pangweruh ngeunaan ajén budaya Sunda dina kacapi solawat,
- 3) pikeun ngadeskripsikeun budaya Sunda nu ngawengku budaya tur agama.
- 4) pikeun dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda.

1.6 Wangenan Opersional

Sangkan leuwih jéntré ngeunaan masalah nu di pedar, ieu di handap aya sawatara istilah nu patali jeung judul panalungtikan.

a. Ajén

Ajén nya éta nilai, harga, kadar, atawa kualitas loba jeung saeutikna eusi, sipat-sipat (hal-hal) nu penting atawa aya gunana pikeun manusa (KBBI: 1994). Kecap *ajén* numutkeun *Kamus Basa sunda*, R.A Danadibrata nya éta ringkesan tina kecap *ajian*.

b. Budaya

Budaya nya éta alat nu dihasilkeun ku pikiran, akal, jeung pangaweruh manusa tur nyampak dina kahirupan masarakat sapopoé. Kecap *budaya* numutkeun *Kamus Basa sunda*, R.A Danadibrata nya éta ringkesan tina kecap “*budi*” jeung “*daya*” anu hartina usaha, tanaga, karep, pikiran, jeung parasaan jelema.

c. Sunda

Kecap *Sunda* numutkeun *Kamus Umum Basa Sunda*, Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS) nya éta,

- 1) Ngaran salah sahiji wewengkon di basisir Malabar (India),
- 2) ngaran salah sahiji sélér bangsa Indonesia nu nyicingan wewengkon Jawa Barat.

Kecap *Sunda* ngandung harti umum, pakait jeung sélér atawa étnis Sunda nu aya di beulah Kulon Nusantara. Kecap ieu bisa tina basa

Sansekerta anu hartina 'cahya' atawa 'cai' (Wikipedia bahasa Indonesia, ensiklopedia bebas, id.wikipedia.org, 13 januari 2011, pukul 15.35)

d. Kacapi

Kacapi mangrupa waditra Sunda nu dipaénkeun salaku waditra utama dina tembang Sunda atawa mamaos(Cianjuran) tur kacapi suling. Kecap kacapi dina basa Sunda sarua jeung ngaran hiji tangkal nya éta tangkal sentul nu kaina dipaké pikeun nyieun waditra kacapi. (Wikipedia bahasa Indonesia, ensiklopedia bebas, id.wikipedia.org, 13 januari 2011, pukul 15.35)

e. Solawat

Solawat nya éta wangun jamak tina kecap solat anu hartina du'a ka Allah. Maca solawat pikeun Nabi, boga maksud pikeun ngadu'a atawa neda barokah ka Allah SWT pikeun Nabi ku ucapan tur pangharepan, mugia mantenna (Nabi) waluya. (Wikipedia bahasa Indonesia, ensiklopedia bebas, id.wikipedia.org, 13 januari 2011, pukul 15.35)

1.7 Anggapan Dasar

Numutkeun Surakhmad (dina Arikunto, 1996: 60): anggapan dasar atawa postulat nya éta dasar pamikiran nu bebeneranana geus ditarima ku panalungtik.

Dumasar kana éta pamadegan, anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kacapi solawat mangrupa kasenian nu ngandung unsur-unsur budaya Sunda,

- 2) Kacapi solawat mangrupa hiji kasenian nu ngadumaniskeun antara agama jeung budaya.

1.8 Rangky Tiori

Tiori nu dipake dina ieu panalungtikan nya éta tiori nu aya dina buku *Kebudayaan, Mentalitet, dan Pembangunan*, ku Koentjaraningrat (Jakarta 1974) jeung buku *Filsafat Kebudayaan*, ku Sutrisno (2008)

1.9 Metode Panalungtikan

Sacara étimologis métode asalna tina kecap *methodos* (basa Latén), anu hartina cara-cara atawa stratégi pikeun maham kana réalitas (kanyataan), tur dianggap minangka léngkah-léngkah sacara sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab jeung akibat.

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode deskriptif. Métode deskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daerah nu tangtu.

1.10 Tehnik Panalungtikan

Tehnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta observasi jeung wawancara.

1.11 Sumber Data

Sumber data pikeun panalungtikan skripsi *Ajén Sunda dina Kacapi Solawat pikeun Pangajaran Basa Sunda di SMP Kelas VII* nya éta hasil wawancara jeung dokumentasi dina wangun *audio*, *jeung audio visual*.

